# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 जुलाई 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस के उन्नाव जिला के लग्गे एक्सप्रेसवे पर भइल एगो दर्दनाक हादसा मे कम से कम अट्ठारह जने क मउति हो गइल हवे। येह हादसा में ओनइस लोग घाहियों भइल हवें, अउर मृतकन क संख्या अउरियों बढ़ले क अनेसा हवे। हादसा आजु भिन्नही ओह समय भइल, जब उन्नाव जिला के बांगर मऊ इलाका में एगो डबल डेकर बस दूध के टैंकर से टकरा गइल, बस बिहार के सीतामढ़ी जिला से दिल्ली जात रहे। टक्कर के बाद बस क दुई दुकडा हो गइले से कई जने क ओहिजुकवे मउति हो गइल। मौका पर पहुंचल पुलिस अउर प्रसासनिक अधिकारी घाही लोगिन के अस्पताले में भरती करवलें। गंभिराहे घाही पांच लोगिन के लखनऊ मेडिकल कॉलेज रेफर कइल जा रहल हवे।

जिला प्रसासन घाटना से जुड़ल जनकारी खातिर **सुन्न पांच एक पांच–दुई नौ सात सुन्न सात छौ सात, नौ छौ पांच एक चार तीन दुई सात सुन्न तीन, नौ चार पांच चार चार एक सात चार चार सात, आठ आठ आठ सात सात एक तीन छौ एक सात अउर आठ सुन्न आठ एक दुइ एक एक दुइ आठ नौ** हेल्प लाईन नम्बर जारि कइले हवे। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उन्नाव जिला में भइल सड़क दुर्घटना क जनकारी लिहलें अउर मृतकन के सोक संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतवलें। प्रधानमंत्री पीएम–एनआरएफ से मृतकन के परिजनन के दुई–दुई लाख रूपिया अउर घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया मदरि दिहले क घोसणा कइले हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु पीलीभीत अउर लखीमपुर खीरी जिला के बाढ़ि प्रभावित इलाकन क हवाई सर्वेक्षण कइ के राहत बचाव कार क जरूरी निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि जुलाई के पहिला हफ्ता में भारी बरखा के नाते एक सौ तैंतीस गांव बाढ़ि से परभावित हवें। हजारों हेक्टेयर फसिल भूमि अउर फसल परभावित भइल हवे। नेपाल अउर उत्तराखण्ड से भारी मात्रा में पानी छोड़इले के नाते नदियन क जलस्तर बहुते बढ़ि गइल, जेकरे नाते जुलाई के पहिलहीं हप्ता में हमनी के बाढ़ि क सामना करे के पड़ि रहल हौ। एहवां एनडीआरएफ, एसडीआरएफ, पीएसी क खाद्य इकाई तैनात कइल गइल हइनि। अबले बारह जिलन में अड़तीस बाढ़ि चउकी बनावल जा चुकल हौ। प्रदेस के छौ जिलन क दुइ सौ से बेसी गांव बाढ़ि से परभावित हवें, जेहमें से ढेरि तराई इलाका क हवें।

येही क्रम में नेपाल के पहाड़ियन पर बरखा भइले अउर वाल्मीकि नगर बैराज से लगतारे पानी छोड़इले के नाते कुशीनगर जिला में नारायणी नदी के किनारे बसल दरजन भर गांव के किसानन क धान अउर ऊंखि क सैकड़ो एकड़ फसिलि बाढ़ि के पानी से बरबाद हो गइल हौ। जिला के तमकुहीराज तहसीलि क्षेत्र क उपाध्याय टोला, दहारी टोला, तवक्कल टोला, देव नारायण टोला, बाघाचौर अउर अहिरौली दान के ले के दरजनों गांवन क किसान बाढ़ि से परभावित हवें।

ओहर अजोध्या में सरजू नदी खतरा के चीन्हा से सत्ताइस सेंटीमीटर उप्पर बहि रहल हौ, जेकरे बाद से जिला प्रसासन तराई इलाका में अलर्ट जारी कइ दिहले हवे। अजोध्या जिला में रूदौली से पूरा बजार ले करीब साठ किलोमीटर के बिच्चे अड़तीस गो बाढ़ि चउकी बनावल गइल हइनि, जेह पर करमचरियन क तैनाती कइल गइल हवे, जेहसे बाढ़ि के हालति पर नजरि रक्खल जा रहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मिशन रोजगार के तहत उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग की ओरि से चुनल गइल सात हजार सात सौ बीस लेखपालन के लखनऊ के लोकभवन सभागार में नियुक्ति पत्र दिहलें। अपने सम्बोधन में श्री योगी कहलें कि दुइ हजार सतरह के पहिले क तस्बीर सब लोगि देखले हवें। लेखपालन क आधा पद खाली पड़ल रहल, भरती नाहीं होत रहल। भरती क प्रक्रिया में तमाम अड़चन रहल। ई उहे उत्तर प्रदेस हवे जेकर नौजवान बहरे कहीं जात रहल त ओहके पहिलहीं किनारे कइ दिहल जात रहल। आजु नौजवान कहूं जाई त ओके सम्मान के निगाहि से देखल जाला। येही क्रम में प्रदेस क बनारस, अजोध्या, कुशीनगर, मऊ, कौशांबी, गोरखपुर, फर्रूखाबाद, बांदा के ले के कई गो जिलनों में लेखपालन के नियुक्ति पत्र वितरण कार्यक्रम क आयोजन जिला प्रभारी मंत्रियन, सांसद अउर विधायकन के अगुआई में कइल गइल।

**********

प्रदेस क कृषि निर्यात मंत्री दिनेश प्रताप सिंह आजु कहले हवें कि राज्य सरकार आम आ अउरियो कृषि उत्पादन बदे परीक्षण अउर पैकिंग इकाई लगावे जा रहल हवे, जेहसे राज्य के कृषि उत्पाद बदे बिदेसी बजारि में बढ़ोत्तरी होई। लखनऊ में पत्रकारन से बतियावत श्री सिंह कहलें कि पछिला बरिस चउवालीस मीट्रिक टन आम क निर्यात कई गो देसन में कइल गइल रहल अउर येह बरिस अबले सत्तर मीट्रिक टन से बेसी निर्यात कइल जा चुकल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने लखनऊ में मैंगो फेस्टिवल क उद्घाटन करिहें, जवन अगिला दुइ दिन ले चली।

**********

उत्तर प्रदेस से खिसकि के दक्षिण भारत पहुंचल मानसून फेर से सामान्य होखे लागल हवे। अइसने में मौसम विभाग अगिला चउबीस घंटा के दौरान प्रदेस में सौ मिलीमीटर बरखा भइले क आगम जतवले हवे।

**********